Ungaita Sei Kana Ukanzi Unwe Doro?

1 Ngatitii uri papati, wobva waona kuti pane vamwe vari kunwa doro asi vasingafaniri kurinwa.

Ungaita sei?

TANGA WAFUNGA!

BHAIBHERI RINOTI: **“Munhu ane njere anoona dambudziko ovanda, asi vasina zivo vanongopfuura havo vorangwa.”—Zvirevo 22:3.**

Uchifunga nezvevhesi iyoyo, pindura mibvunzo inotevera.

Chii chinogona kuitika kana ukaramba uri papati yacho?

_____

_____

Zvii zvaungaita kuti ubve ipapo zvakanakanaka usingamutsi mutauro uye usingaiti kuti vanhu vazokuseka?

_____

_____

_____

Kusekwa ndiko *kwaunonyanya* kutya here?

_____

_____

ZANO

Gara waronga nevabereki vako kuti uchavafonera kana kuvatumira meseji kana wava kuda kukurumidza kubva.

Izvi ndizvo zvandichaita kana ndikaona kuti papati yandiri pane vanhu vari kunwisa doro:

_____

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2

Ngatitii uri kumanikidzwa kuti unwe doro.

Ungaita sei?

TANGA WAFUNGA!

BHAIBHERI RINOTI: **“Muri varanda vake nokuti munomuteerera.”—VaRoma 6:16.**

Uchifunga nezvevhesi iyoyo, pindura mibvunzo inotevera.

Chii chinogona kuitika kana ukasapindura nechivimbo?

_____

_____

Kuva nechivimbo kunobatsirei kana usingadi kufurirwa nevamwe vako?

_____

_____

_____

ZANO

Gara wafunga zvauchazotaura. “Ndinowanzoti, ‘Aiwa, handisati ndava kurida.’ Izvi zvinoita kuti vasaramba vachindinetsa, uye kakawanda havazodzoki futi nenyaya iyoyo.”—Brianna.

Izvi ndizvo zvandichataura kana ndikamanikidzwa kuti ndinwe doro:

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3

Ngatitii uri kumbofurwa nemhepo uine shamwari dzako, wobva waziva kuti ari kuda kutyaira wacho anga achinwa doro.

Ungaita sei?

TANGA WAFUNGA!

BHAIBHERI RINOTI: **“Munhu anofamba nevanhu vakachenjera achava akachenjera, asi iye anofambidzana nemapenzi zvichamuipira.”—Zvirevo 13:20.**

Uchifunga nezvevhesi iyoyo, pindura mibvunzo inotevera.

Chii chinogona kuitika kana ukarega munhu iyeye achikutyaira pakuenda kumba?

Ndezvipi zvimwe zvaungaita?

Zvauchaita zvingabatsira sei mutyairi wacho nevamwe?

ZANO

Usazvirega uchipinda mumamiriro ezvinhu angazoita kuti utyairwe nemunhu anozivikanwa kuti anombotyaira akadhakwa. Nguva dzese gara wakaronga mamwe mafambiro aungaita pakudzoka kumba.

Izvi ndizvo zvandichaita kana ndikaziva kuti munhu ari kuda kutyaira anga achinwa doro:

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania